
Gid Rapid: Aplikasyon School Choice nan Aplikasyon Mobil BCPS


Paran ki vle soumèt yon aplikasyon School Choice (Chwa Lekòl) nan aplikasyon ***BCPS Connect App*** dwe swiv etap ki esplike anba a. **Asireman ou te kreye yon Kont Paran Portal ou/*Parent Portal Account*, nan Navigatè Web, ANVAN ou itilize aplikasyon Mobil BCPS, pou soumèt yon aplikasyon.**

MWEN GEN YON KONT PARAN PORTAL FOCUS EPI MWEN TA RENMEN APLIKE POU YON SCHOOL CHOICE NAN APLIKASYON MOBIL BCPS
MWEN PA GEN YON KONT PARAN PORTAL FOCUS MEN MWEN TA RENMEN APLIKE POU YON SCHOOL CHOICE NAN APLIKASYON MOBIL BCPS

MWEN GEN YON KONT PARAN PORTAL FOCUS EPI MWEN TA RENMEN APLIKE POU SCHOOL CHOICE NAN APLIKASYON MOBIL BCPS

1. Telechaje (download) aplikasyon (app) BCPS Connect App apati app store.
   - Apple - https://apps.apple.com/us/app/bcps-connect/id6471382984
   - Google - https://play.google.com/store/apps/details?id=com.focusschoolsoftware.community.browardk12





2. Apresa konekte sou kont ***Focus Parent Portal*** ou nan *App* ***Mobil*** pou aksede aplikasyon ***School Choice.***


3. Klike sou bouton ***More Info*** (Plis Enfo) anwo adwat sou ekran an.




4. Klike sou aplikasyon (lòt aplikasyon) ki apwopriye.




5. Si ***Current Grade*** and the ***Projected Grade*** (Ane Aktyèl ak Ane Pwojte) sou aplikasyon an espas la vid, seleksyone ***Current Grade*** (Ane Aktyèl) apati meni dewoulan (2025-26). Klike ***Save*** **(Sovgade)**.



6. Nan seksyon sa, revwa enfòmasyon pitit ou, ki sitiye anwo. Si gen chanjman nan enfòmasyon an, kontakte lekòl pitit ou, epi ranpli aplikasyon an (lòt aplikasyon) konplètman.




7. Telechaje (upload) tout dokimantasyon obligatwa, klike sou ***Select*** pou seleksyone yon dokiman apati aparèy elekwonik ou.




NOTE: Verifikasyon aplikasyon ap fèt nan lòd nou resevwa yo. Tanpri asire ou te telechaje/mete tout dokiman ki nesesè pou sipòte demann ou anvan fenèt sou ekran an fèmen.

8. Klike sou ***Submit Application*** (Soumèt Aplikasyon) oswa klike sou ***Submit Application & Print*** (Soumèt Aplikasyon & Enprime) pou soumèt aplikasyon an epi pwodi yon vèsyon enprime de aplikasyon an.



9. Apre ou fini soumèt aplikasyon an ak siksè, wap wè yon bwat dyalòg epi wap resevwa yon imel konfimasyon (pa bliye tyeke spam oswa imel endezirab).



MWEN PA GEN YON KONT PARAN PORTAL FOCUS MEN MWEN TA RENMEN APLIKE POU SCHOOL CHOICE NAN APLIKASYON MOBIL BCPS

Asireman ou te kreye yon Kont Paran Portal, *Parent Portal Account*, nan Navigatè Web Browser, ANVAN ou itilize Aplikasyon Mobil BCPS pou soumèt yon aplikasyon.

Pou kreye yon Kont Paran Portal, wap bezwen adrès imel ou te bay lekòl la; se fason ou vle lekòl la kontakte ou, wap bezwen nimewo idantifikasyon elèv ak Dat Nesans Elèv la (student ID ak student Birth Date). Si ou pa sèten adrès imel ou klase nan dosye lekòl la, tanpri kontakte lekòl la.

Si ou se yon anplwaye BCPS, ou DWE itilize yon lòt imel pou kreye yon kont. Tanpri fè sèten lekòl la kontakte ou nan nouvo imel sa. Ajoute li kòm kontak enfòmasyon.

10. Ale sou paj enskripsyon pou paran, Parent Portal Registration.

11. Klike sou ***Create Parent Portal Account*** **(Kreye yon kont paran sou portal).**



12. Antre nan espas obligatwa pwòp enfòmasyon ou; tyeke ***I'm not a robot*** **(**Mwen pa yon wobo) epi klike sou ***Submit*** (Chak paran/gadyen ap bezwen kreye kont endividyèl li).




13. Apre ou kreye yon kont paran, sou portal la, wap resevwa yon imel verifikasyon.

14. Yon fwa ou verifye imel ou, wap kapab konekte kont pitit ou (pitit ou yo) ak kont pa-ou.


15. Ale sou paj enskripsyon paran sou portal, ***Parent Portal Registration Page*** epi deplase kisè direksyon anba epi klike sou ***I have an account and need to add my student(s).*** [Mwen gen yon kont epi mwen vle ajoute non elèv (pitit mwen)]




16. Antre enfòmasyon login ou (pou konekte).




17. Antre nimewo idantifikasyon elèv/ ***Student ID*** *number* (kòmanse ak '06') **epi antre dat nesans (*Student's Birthdate)*.**



18. Klike sou ***I'm not a robot*** (Mwen pa yon wobo) epi apresa ***Add Student (ajoute non elèv).*** Si ou ajoute non elèv (pitit ou) ak siksè, non elèv la ap parèt sou pwochenn ekran an.




19. Pou ajoute plis non elèv, seleksyone ***I would like to ADD A CHILD who is already enrolled*** (Mwen ta renmen ajoute non yon timoun ki deja enskri).




20. Yon fwa kont yo konekte, telechaje (download) aplikasyon BCPS Connect App apati app store.

    - Apple - https://apps.apple.com/us/app/bcps-connect/id6471382984
    - Google - https://play.google.com/store/apps/details?id=com.focusschoolsoftware.community.browardk12




21. Konekte sou kont paran portal FOCUS, ***Focus Parent Portal*** *account*, sou ***Aplikasyon Mobil ou*** pou aksede aplikasyon ***School Choice***.


22. Klike sou bouton ***More Info*** (Plis enfo) anwo adwat sou ekran ki parèt la.




23. Klike sou aplikasyon (plis aplikasyon) ki apwopriye.




24. Si ***Current Grade*** and the ***Projected Grade*** (Ane Aktyèl ak Ane Pwojte) sou aplikasyon an espas la vid, seleksyone ***Current Grade*** (Ane Aktyèl) apati meni dewoulan (2025-26). Klike ***Save*** **(Sovgade)**.



25. Nan seksyon sa, revwa enfòmasyon pitit ou, ki sitiye anwo. Si gen chanjman nan enfòmasyon an, kontakte lekòl pitit ou, epi ranpli aplikasyon an (lòt aplikasyon adisyonèl) konplètman.




26. Telechaje (upload) dokimantasyon ki ekzijib epi klike sou ***Select*** pou seleksyone yon dokiman apati aparèy elektwonik ou oswa klike sou ikòn scan pou scan yon dokiman.




NOTE: Verifikasyon aplikasyon ap fèt nan lòd nou resevwa yo. Tanpri asire ou te telechaje/mete tout dokiman ki nesesè pou sipòte demann ou anvan fenèt sou ekran an fèmen.

27. Klike sou ***Submit Application*** oswa klike sou ***Submit Application & Print*** (Soumèt Aplikasyon & Enprime) pou pwodi yon vèsyon enprime aplikasyon an.



28. Apre ou fini soumèt Aplikasyon an ak siksè, wap wè yon bwat dyalòg epi wap resevwa yon imel konfimasyon (pa bliye tyeke spam oswa imel endezirab).


browardschools.focusschoolsoftware.com says
Application saved and submitted
OK